



Depatman Sèvis Devlopman

Biwo pou Dwa Moun
Komite Konsiltatif pou Dwa Moun
500 Harrison Ave
Boston MA 02118

Resous sou Dwa Moun pou Fanmi yo



16 Novanm 2018

Yon Mesaj Komisè Ryder pote pou nou

Nan devlopman materyèl resous sa'a, nou te eseye gade ki enfòmasyon fondamantal ke yon manm fanmi ta bezwen pou li ka vin yon defansè efikas. Nou mete kèk enfòmasyon fondamantal sou kòman Depatman Sèvis Devlopman (DDS) bay sèvis yo. Nou te konsantre nou sou enkyetid komen yo sou dwa moun, avèk sijesyon sou kòman pou defann pou rezilta pozitif.

Li enpòtan pou konnen ke moun yo pa sèlman resevwa sèvis yo, yo patisipe ladan yo tou. Tankou desizyon enpòtan sou kisa sèvis yo ye ak kòman yo dwe bay yo.

Nou espere ke enfòmasyon sa yo ap itil ou.



Jane F. Ryder, Komisè

Depatman Sèvis Devlopman an

Depatman Sèvis Devlopman (DDS) an dedye li nan kreye, nan kolaborasyon avèk lòt moun, bon jan opòtinite pou moun ki gen andikap entelektiyèl yo pou patisipe konplètman epi sensèman kòm manm enpòtan nan kominote yo.

Sistèm Sèvis la

- DDS bay sèvis espesyalize pou ka bay moun ki gen andikap entelektiyèl sipò ke yo bezwen ak opòtinite pou yo ka viv jan yo chwazi.
- Moun k'ap resevwa sèvis yo gen anviwon 38,000 moun ki gen andikap devlopman.
- Kalite sèvis yo gen ladan tankou sipò jou, sipò travay, sipò rezidansyèl, sipò fanmi, sèvis relèv, transpò, ak lòt sèvis sipò endividyèl.
- Yo bay sèvis yo nan kontra avèk 235 ajans founisè prive, ak nan sèvis ke leta ap opere.
- Depi yo kalifye pou sèvis DDS yo, y'ap bay chak moun yon Kòdonatè Sèvis nan biwo lokal yo.
- Anjeneral, biwo nan zòn nan pase yon kontra avèk yon ajans founisè pou bay sèvis sipò yo ke moun nan kalifye pou resevwa, epi ke biwo zòn nan, founisè a ak moun / gadyen an apwouve. Sa se yon patenarya ant moun nan / gadyen, DDS, ak founisè a.
- Jan y'ap bay sèvis sa yo kontwòle pa divès sous nan depatman an tankou anplwaye biwo zòn nan, anplwaye dwa moun, anplwaye lisans, anplwaye jesyon kalite, anplwaye envestigasyon, ak konsèy konsiltatif sitwayen ak konsèy.
- Yo mande pou ajans founisè yo gen komite dwa moun ki bay sipèvizyon ak kontwòl.

Komisè DDS ak Anplwaye Biwo Santral

Biwo Rejyonal DDS

Biwo Envestigasyon
DDS

Biwo Jesyon
Kalite DDS

Biwo Dwa Moun
DDS

Biwo Zòn
DDS

Sèvis
Rezidansyèl
ki Jere pa
Leta

Investigatè

Lisans,
Anplwaye
Jesyon Ris

Espesyalis
Dwa
Moun

Komite
Dwa Moun
nan Eta'a

Kòdonatè
Sèvis, Monitè
Pwogram ak
lòt anplwaye

Ajans
Founisè yo

Komite Leta
Dwa Moun

Komite
Kalite

Komite
Konsiltatif
Sitwayen

Komite
Dwa Moun
Founisè yo

Dwa Moun

Depatman Sèvis Devlopman an gen yon sistèm pwoteksyon pou konfime, ankouraje ak pwoteje dwa imen ak sivil moun li sipòte yo. Dwa sa yo gen ladan dwa fondamantal ki nan Konstitisyon Ameriken an ki bay pou tout moun. Anplis sa, gen lwa jeneral Massachusetts ak règleman DDS ki bay sistèm pwoteksyon sipleman pou asire ke moun yo resevwa sipò ke

yo bezwen an, ke yo p'ap sibi pyès move tretman epi yo gen opòtinite pou pran desizyon pou kont yo nan lavi chak jou yo.

Sistèm Pwoteksyon Dwa Moun DDS

Chak anplwaye DDS ak Ajans Founisè responsab pou trete chak moun ke yo bay sèvis avèk diyite ak respè. Yo dwe sispann tout abi oswa move tretman ke yo se temwen tou, e gen pou manda pou rapòte aktivite sa yo bay Komisyon Pwoteksyon Moun andikape yo (DPPC).

Chak ekip Plan Sèvis Endividyèl (ISP) gen ladan moun nan, gadyen / fanmi, kòdonatè sèvis yo a ak anplwaye ajans founisè yo. Ekip ISP a detèmine plan pou sèvis yo, tankou kisa yo gen pou bay ak kòman yo gen pou bay yo. Sa gen ladan yon revizyon nenpòt plan sipò konpòtman ak pwosedi restriksyon.

Ofisye Dwa Moun yo nome pa Direktè Ajans Founisè yo pou chak nan kote sèvis ajans yo. Ofisye sa yo se yon pwèn kontak pou moun yo ak fanmi yo e yo ka voye tout enkyetid / plent ki sou dwa moun bay Komite Dwa Moun ajans yo a.

Yon Kòdonatè Dwa Moun se yon manm anplwaye yon ajans ki nome pou bay sipèvizyon pou Ofisye Dwa Moun ajans founisè a, epi pou bay sipò administratif bay Komite Dwa Moun ajans founisè a.

Komite Dwa Moun nan se yon komite endepandan ajans founisè ki nome an akò avèk règleman DDS yo. Komite sa yo la pou pwoteje ak afime dwa moun yo, tankou revizyon ak apwobasyon plan sipò konpòtman yo, revizyon rapò sou restriksyon, pwosedi restriksyon, ak envestigasyon. Yo bay Direktè ajans yo konsèy tou konsènan politik ak pwosedi ajans la.

Espesyalis Dwa Moun DDS yo se manm estaf rejyonal nan Biwo pou Dwa Moun (OHR) yo. Yo bay fòmasyon, asistans teknik ak aktivite defans nan tout pati nan kominote founisè ak depatman yo (tankou fanmi, moun, ak komite dwa moun yo). Espesyalis Dwa Moun ki nome nan chak rejyon DDS yo plase anba sipèvizyon Direktè Dwa Moun nan Depatman Sèvis Devlopman an.

Komite Konsiltatif Dwa Moun (HRAC) nan reprezante tout sikonskripsyon Depatman an epi li konseye **Komisè** a sou règleman ak enkyetid enpòtan sou dwa moun yo. HRAC asire li ke dwa moun yo pwoteje nan règleman ak pratik Depatman an.

<http://www.mass.gov/eohhs/gov/laws-regs/dds/> - Sa se yon lyen entènèt kote w'ap jwenn tout règleman DDS yo ansanm avèk politik DDS ak lòt enfòmasyon, tankou lèt enfòmasyon OHR, enfòmasyon fondamantal & aktyalize oswa enfòmasyon aktyèl sou Dwa Moun, elatriye.



Biwo pou Dwa Moun Depatman Sèvis Devlopman

Frances N. Nwajei, Direktè Dwa Moun
500 Harrison Avenue

REJYON	ENFÒMASYON SOU KONTAK LA	BIWO ZÒN AK SANT DEVLÒPMAN YO
Santral/Wès	<u>Teka Harris</u> Espesyalis Dwa Moun DDS Central/ West Region 140 High Street Springfield, MA 01105 Telefòn: (413) 205-0892 1-(800) 328-3123, x0892 Teka.J.Harris@massmail.state.ma.us	Berkshire, Franklin/Hampshire, Springfield/Westfield, Holyoke/Chicopee, South Valley (<i>Milford & Southbridge</i> <i>kote yo ye</i>), North Central, Worcester, Templeton Developmental Center
Nòdès	<u>Rebecca Christie</u> Espesyalis Dwa Moun DDS Northeast Region Hogan Regional Center P.O. Box A Hathorne, MA 01937 Telefòn (978) 774-5000, x 528 Rebecca.Christie@massmail.state.ma.us	Lowell, Merrimac Valley, North Shore, Metro North, Central Middlesex & Hogan Regional Center
Sidès	<u>Nate Hoover</u> Espesyalis Dwa Moun DDS Southeast Region 151 Campanelli Drive, Suite B Middleboro, MA 02346 Telefòn: (508) 866-8916 Nathan.Hoover@massmail.state.ma.us	Brockton, Taunton/Attleboro, Fall River, New Bedford, Cape/Islands, Plymouth, South Coastal & Wrentham Developmental Center
Metro	<u>Jennifer Benoit</u> Espesyalis Dwa Moun DDS Metro Region 411 Waverley Oaks Road, Suite 304 Waltham, MA 02452 Telefòn (781)788-5261 Jennifer.R.Benoit@massmail.state.ma.us	Newton/South Norfolk, Middlesex West, Charles River West, Greater Boston

Wòl Gadyen an

Tout granmoun, menm jan a sa yo ki gen andikap entèlektyèl yo, sipoze dwe konpetan, e yo konsève dwa legal yo pou pran desizyon konsènan sante, edikasyon, finans ak sekirite, sof si yon tribinal detèmine ke yo pa kapab fè sa. Gen yon seri sipò èd pou pran desizyon ki disponib, tankou gadyen total oswa pasyèl, fonksyon konsèvatè, pouvwa legal, pouvwa pou swen sante, benefisyè reprezantan ak lòt opsyon. Yon chwa sipò èd pou pran desizyon ki apwopriye pèmèt pou moun yo jwenn asistans ak pwoteksyon yo bezwen an, pandan y'ap konsève plis otorite posib sou lavi yo.

Chapit 190B Dwa Jeneral Massachusetts, seksyon 5-309 fè konnen:

- Yon gadyen dwe egzèsè otorite li sèlman jan sa nesesè nan limit mantal ak adaptasyon moun ki pa gen kapasite a, epi, nan limit posib, dwe ankouraje moun ki pa gen kapasite a patisipe nan desizyon, pou aji sou pwòp non tèt

li, epi pou devlope oswa reprann kapasite pou jere zafè pèsònèl. Yon gadyen, nan limit yo konnen, dwe konsidere dezi yo eksprime ak valè pèsònèl moun ki pa gen kapasite a lè l'ap pran desizyon, e sinon li dwe aji nan pi bon enterè moun ki pa gen kapasite a epi egzès swen, dilijans ak pridans ki kòrèk.

Pou rezon sa Gadyen yo dwe balanse de (2) objektif enpòtan:

- Asire yo ke yo konnen moun nan, e ke desizyon ak chwa yo fèt nan pi bon enterè li pou kenbe yo an sekirite, an sante ak san ris san rezon.
- Asire yo ke moun yo pran desizyon ak chwa sou pwòp vi yo ke yo kapab pran.

Sa kapab yon balans ki trè difisil pou jwenn. Chak moun ak chak sitiyasyon inik. Moun yo, anplwaye sipò, ak gadyen yo ka gen diferan opinyon sou bezwen pou gadyen an pran desizyon sou non moun nan. Chwa yo, tankou sa yo ke gadyen yo te fè ta dwe reflekte tou preferans moun nan. Pi bon apwòch la se kominike dirèkteman ak byen klè sou diferans yo, nan sonje ke tout moun gen nan kè pi bon enterè moun nan. Objektif la ta dwe pou onore chwa ak preferans moun nan, menm si yo ka pa sa nou ta ka chwazi, nan kondisyon ke pa gen yon ris san rezon.

Chapit 190B Dwa Jeneral Massachusetts, seksyon 5-301 fè konnen:

- Otorite ak responsabilite yon gadyen yon moun ki pa gen kapasite fini nan lanmò gadyen an oswa moun ki pa gen kapasite a.

Chapit 190B Dwa Jeneral Massachusetts, seksyon 5-309 fè konnen:

- Lè yo revoke, demisyon, oswa lanmò gadyen an, oswa si gadyen an detèmine vin pa gen kapasite oswa enfim, tribinal la ka nome yon gadyen siksesè epi fè nenpòt lòt òdonans ki apwopriye. Anvan yo nome yon gadyen siksesè, oswa kòmande ke enkapasite yon moun te sispann, tribinal la dwe swiv menm pwosedi yo pou pwoteje dwa moun ki pa gen kapasite a ki aplike pou yon petisyon pou nome yon gadyen.

Plan Sipò Konpòtman ak Pwosedi Restriksyon yo

Moun yo gen dwa jwenn aksè konplè nan kay yo, kominote yo, byen yo epi pou yo gen vi prive. Nan kèk sikonstans gen limit ki ka aplike sou dwa sa yo. Sa gen dwa rive sèlman si sekirite ak byennèt moun nan ta rive vin an danje san rezon, si yo ak / oswa gadyen yo a te konsanti nan limitasyon, epi si tout egzamen ak apwobasyon ki nesesè yo te rive fèt.

Regleman DDS yo fè konnen ke:

Moun yo gen "... opòtinite pou yo viv eksperyans devlopman tipik, menm si eksperyans sa yo ka gen ladan yon eleman ris; nan kondisyon ke ... sekirite ak byennèt moun nan pa ta dwe **an danje san rezon...**" **Sèvis yo ta dwe sipòte pwòp-detèminasyon** & libète pou fè chwa nan kapasite konplè moun nan. . . "(Regleman DDS, 115, CMR 5.03)

Pafwa founisè yo dwe balanse dwa moun nan pou egzès endepandans avèk egzijans pou asire sekirite ak byennèt moun nan.

Tout pwosedi restriksyon mande yon konsantman fòmèl ak yon pwosesis revizyon ki gen:

- Limitasyon pwopoze a se yon repons a yon ris san rezon pou sante ak byennèt moun nan ak lòt yo.
- Limitasyon pwopoze a se entèvansyon ki gen mwens restriksyon posib pou kenbe yon mezi sekirite rezonab.
- Gen yon plan ansèyman ki an plas pou diminye ak / oswa elimine yon bezwen fiti pou restriksyon an.
- Gen yon lis kritè espesifik pou diminye oswa elimine restriksyon an.
- Moun nan ak / oswa gadyen yo a te konsanti a restriksyon yo pwopoze a.
- Ekip ISP a te revize restriksyon yo pwopoze a.
- Komite dwa moun ajans founisè a te revize restriksyon yo pwopoze a omwen yon fwa chak ane.

Plan sipò konpòtman yo ka itilize pou ede moun nan pran ak konsève konpetans fizik, mantal, ak sosyal sa ki pèmèt moun nan fè fas pi efikasan avèk egzijans pwòp moun ak anviwònman. Yon plan sipò konpòtman ka itilize lè moun yo gen konpòtman ki mete tèt yo oswa lòt yo nan ris. Yon plan sipò konpòtman ka itilize tou lè moun yo gen konpòtman ki entèfere avèk aprantisaj oswa avèk aktivite lavi chak jou.

- Plan sipò konpòtman an konsidere kòm yon “tretman.”
- Plan an idantifye “konpòtman sib” yo ki prezante ris oswa lòt pwoblèm enpòtan pou moun yo ak lòt yo.
- Gen yon analiz de ki fonksyon konpòtman an sèvi pou moun nan.
- Plan an sèvi pou diminye oswa elimine konpòtman sib yo pandan ap anseye konpòtman ranplasman pi pozitif ki pral pran plas konpòtman sib yo.
- Pafwa plan an ap gen ladan eleman restriksyon, ki dwe gen mwens restriksyon posib.
- Dwe gen done ki konsève pou detèmine si plan an efikas.
- Gen yon kritè espesifik pou diminye oswa elimine plan an.
- Moun nan ak / oswa gadyen yo a te konsanti nan plan yo pwopoze a.
- Ekip ISP a te revize plan yo pwopoze a.
- Komite dwa moun ajans founisè a te revize plan yo pwopoze a.
- Gen kèk plan ki pral mande plis revizyon klinik.

Kisa yon konsantman enfòmèl ye?

Konsantman enfòmèl a se **yon akò** yo bay volontèman yon moun oswa gadyen ki konprann ak evalye ris ak benefis ki enplike nan yon desizyon an patikilye. Kòm moun / gadyen, ou gen dwa pou bay (oswa refize) konsantman ou an pou tretman tankou medikaman ak pwosedi medikal, plan konpòtman, ak pwosedi restriksyon; ou ka retire konsantman ou an tou nenpòt ki lè.

Kisa ou menm, kòm Fanmi / Gadyen ka fè, si ou santi yon moun gen restriksyon nan yon fason san otorizasyon:

- Kontakte anplwaye ajans founisè ou yo & **diskite** sou enkyetid ou yo. Yo ka kapab rezoud li imedyatman
- Kontakte kòdonatè sèvis ou a oswa biwo zòn ou an k’ap sipòte moun nan. Yo ka **fasilite yon diskisyon itil** avèk ou ak founisè a.
- Pale avèk Ofisye Dwa Moun nan oswa Kòdonatè ajans lan. Si sa nesesè, ou ka **pote yon plent** bay Komite Dwa Moun founisè a nan kontakte Ofisye Dwa Moun yo a oswa Kòdonatè Dwa Moun yo a.
- Kontakte Espesyalis Rejyonal Dwa Moun DDS la oswa Direktè Dwa Moun DDS la. Yo ka **eksplike** regleman yo ak pwosesis revizyon / apwobasyon an.

Avètisman ensidan pou ou nan men founisè ou a

Ajans founisè a oblije enfòmèl moun nan ak gadyen an sou tout ensidan ki lakòz nenpòt nan bagay sa yo: aksidan fizik ki mande pou nenpòt tretman medikal, domaj emosyonèl, destriksyon pwopriyete enpòtan, entèvansyon lapolis, sispèk move tretman moun lan, oswa itilizasyon anplwaye a de yon restriksyon ijans sou moun nan. Avètisman sa ta dwe fèt nan 24 èdtan ensidan an.

Pale pou manm fanmi ou

Defann pou Sèvis Ou Vle yo:

Chak moun k'ap resevwa sèvis DDS yo gen yon reyinyon anyèl Plan Sèvis Endividyèl (ISP), epi kòm yon gadyen, ou se yon pati nan planifikasyon ekip la. Moun nan kapab envite lòt manm fanmi an pou patisipe nan reyinyon an. Reyinyon ISP a vrèman enpòtan pou ou pou anpil rezon:

- **Li pèmèt** ou kòm moun / responsab pou pataje vizyon ou pou lavi ou, sa ki se baz pou plan sèvis la ak livrezon.
- **Li endike** ki sèvis y'ap bay kounya epi kòman y'ap bay yo.
- **Li rapòte** tout evalyasyon kapasite ak bezwen moun nan, yon fason pou Ekip la ka asire ke sèvis ISP yo reponn a bezwen yo epi ogmante kapasite yo.
- **Li bay** yon opòtinite pou moun nan oswa ou menm pou diskite sou enkyetid sou sèvis aktyèl yo epi tou kòman yo bay yo. Sa se yon bon kote pou defann pou chanjman ISP ou vle ki fèt yo.
- **Li pèmèt pou chanjman** oswa sèvis adisyonèl ou vle ki fèt yo.

Nan 45 jou reyinyon ISP a, ou (moun nan / gadyen an) ap resevwa yon kopi ekri Plan Sèvis la pou revize, bay konsantman epi siyen. Ou gen dwa pou otorize oswa pou fè apèl pou chanjman. Ou ka mande modifikasyon plan an anvan ou siyen konsantman ou a. Ou pa ta dwe ret tann jiska pwochen reyinyon anyèl ISP a pwograme pou kominiye enkyetid yo oswa mande chanjman. Si ou pa dakò avèk ISP a oswa kèk atik ki nan li, ou gen dwa pou fè apèl a Direktè Rejyonal DDS ou a. Senpleman paske ou pa siyen ISP a pa reprezante yon rejè oswa yon apèl.

Eksprime enkyetid ou yo sou kalite sèvis yo ak dwa moun manm fanmi ou yo:

Ka genyen kèk sikonstans kote gen sèvis yo pa bay jan sa te endike nan ISP a, oswa pa konfòme yo avèk regleman DDS la, oswa yo jis pa satisfèzan. Kèk moun ki resevwa sèvis DDS yo paka pale pou tèt yo e yo bezwen èd ou (tankou fanmi, zanmi ak avoka) pou eksprime enkyetid yo.

Tout moun genyen dwa sa yo, ke ou ta dwe konnen epi defann si ou santi ke yo pa respekte ak aplike yo:

- **Dwa pou “swen ak tretman imen akseptab.”** Manm anplwaye yo ta dwe atantif a manm fanmi ou yo. Yo ta dwe pale avèk li avèk respè, avèk kalm, ak yon fason ki apwopriye a laj li. Aktivite yo tankou televizyon oswa mizik ta dwe baze sou enterè moun yo olye sou seleksyon oswa preferans anplwaye yo.
- **Dwa pou komunikasyon apwopriye.** Anplwaye yo ta dwe asire yo ke, aparèy komunikasyon yo ak lòt metòd ak mòd komunikasyon ke manm fanmi ou yo itilize se yo ke tout manm anplwaye yo bay epi itilize.
- **Dwa pou pa deranje akòz malèz, detrès ak privasyon, sa ki ta ka koz pa yon anviwònman ki pa gen respè ak san konpasyon.** Anplwaye yo dwe bay bon jan kalite swen pèsònèl pou manm fanmi ou yo ka pwòp, konfòtab ak byen abiye. Yo ta dwe konnen bezwen sipò espesyal chak moun, ki ka gen ladan bagay tankou metòd komunikasyon oswa aparèy, rejim espesyalize, sipò medikal ak / oswa konpòtman elatriye.
- **Dwa pou endepandan ak libète chwa.** Sa gen ladan bagay tankou deside sou sa ap manje ak bwè, kòman pou pase tan lib yo, lè pou ale kouche, kòman yo ap depanse lajan yo elatriye; nan limit ki posib, san yo pa ekspozè moun nan nan ris san rezon.
- **Dwa pou jwenn vizit ak pou vizite lòt moun.** Fòk gen yon rezon ki konvenkan pou limite dwa sa yo (tankou sekirite moun nan ak / oswa lòt moun); epi limit sa yo ta mande konsantman moun nan oswa gadyen an, ansanm ak yon revizyon Komite Dwa Moun founisè a ak ekip ISP a.
- **Dwa a yon atant rezonab nan vi prive.** Sa gen ladan asistans, kèlkeswa lè sa posib pa anplwaye ki gen menm sèks pou ijyèn pèsònèl ak bezwen ki gen rapò.

- **Dwa pou patisipe nan aktivite ki ankouraje entegrasyon kominotè enpòtan chak moun.** Sa gen ladan nenpòt moun ki ta bezwen sipò anplwaye yo nan kominote a. Nivo pèsònèl pwogram yo ta dwe ase bon pou respektè dwa sa'a.

Si manm fanmi ou yo pa resevwa swen yo ta merite yo, dekri nan Dwa ak Regleman DDS yo ki anwo a epi te dakò nan ISP a, ou ka dwe petèt ede li pale oswa pale pou yo. Pou fè sa, **ou kapab:**

- **Kontakte** anplwaye direksyon ajans founisè ou a ak / oswa depoze yon plent bay Komite Dwa Moun yo a.
- **Kontakte** anplwaye Biwo zòn DDS la, tankou Kòdonatè Sèvis la ak / oswa Direksyon Biwo Zòn nan.
- **Kontakte** Espesyalis Rejyonal Dwa Moun DDS ou a oswa Direktè Dwa Moun DDS la.
- **Depoze plent ou an** bay DPPC (Komite pwoteksyon pou moun andikape yo) oswa bay Envestigatè rejyonal prensipal DDS la, si ou ta sispèk gen abi, move tretman oswa neglijan.

Kisa pou fè si ou ta sispèk gen abi oswa neglijan pa yon moun k'ap bay swen

- **Rele DPPC** (Komite Pwoteksyon pou Moun andikape yo) **liy dirèk 24 sou 24 la** nan 1-800-426-9009.
- **Misyon DPPC a se:** "Pou pwoteje granmoun ki andikape yo nan zak oswa omisyon abizif moun k'ap ba yo swen an atravè sipèvizyon investigasyon, sansibilizasyon piblik la ak prevansyon."
- **Estanda pou ta rapòte** yon abi ak neglijan yo ta sispèk bay DPPC a se "**yon koz ki rezonab pou kwè,**" sa ki vle di ke rapòtè ki gen otorite yo (legalman responsab) bezwen sèlman "**sispèk**" ke te gen yon abi oswa neglijan ki te fèt kont yon moun ki gen yon andikap pou rapòte ensidan sa'a.
Rapòtè ki gen otorite yo dwe rapòte yon abi ak neglijan yo ta sispèk; epi, si yo pa ta fè sa, yo gen dwa ba yo yon sanksyon legal. Pifò moun ki anplwaye pou travay avèk moun ki gen andikap yo se rapòtè ki gen otorite yo ye.
Rapòtè ki pa gen otorite yo, tankou moun yo, manm fanmi yo, zanmi yo elatriye, ki panse te gen yon abi oswa neglijan ki te fèt kont yon moun ki gen andikap, yo ankouraje yo tou pou ta rapòte yon abi ak neglijan yo ta sispèk.

Ou menm, fanmi ou ak zanmi ou yo oswa nenpòt moun ka rele liy dirèk DPPC a oswa depoze plent yo a lè yo fin ranpli fòmilè plent abi ak neglijan DPPC a (ke w'ap jwenn nan www.mass.gov/dppc).

Kisa k'ap pase aprè?

Lè DPPC fin resevwa apèl la oswa rapò a, yo deside si enfòmasyon yo ba yo a reponn kritè legal yo a k'ap pèmèt yo egzamine dosye a "KALIFYE" oswa "PA KALIFYE." Pou egzamine li KALIFYE, enfòmasyon yo bay la dwe pwopoze ke **"te gen yon zak oswa omisyon yon moun k'ap bay swen ki lakoz yon blesi fizik oswa emosyonèl ki grav, tankou aktivite seksyèl konsantye" ki te fèt.**

- **Lapolis Eta revize chak dosye** pou wè si akizasyon an ka konsidere kòm yon konpòtman kriminel; si se sa, yo refere li bay Avoka Distri lokal la pou revizyon ak posib ankèt kriminel.
- **Lè yon dosye egzamine kòm "KALIFYE"** & Lapolis Eta refere li kòm kriminel, anplwaye DPPC yo ka fè yon ankèt sou jiridiksyon legal DPPC a; oswa DPPC ka bay Inite Envestigasyon DDS la dosye a, kote investigatè DDS yo pral kontinye yon ankèt, men itilize estanda ankèt DPPC a. Estanda DPPC a se: *"abi yo ta sispèk la dwe enplike yon moun ki gen yon andikap ki te gen yon **blesi fizik grav** ak/oswa **blesi emosyonèl grav** aprè yon **zak** oswa **omisyon** pa moun k'ap ba yo swen yo"*
- **Si yon dosye egzamine kòm "PA KALIFYE"**, li endike ke DPPC a te detèmine ke enfòmasyon yo bay la pa reponn a jiridiksyon legal DPPC a pou yon ankèt DPPC.
- Si egzamine kòm **"PA KALIFYE"**, DPPC a ap voye dosye a bay Inite Envestigasyon DDS la, ki aplike diferan kritè pou investigasyon yo a. Estanda DDS la pou investigasyon se: *"Tout plent ki pa nan jiridiksyon DPPC a ki pale sou abi, vyolans, atak, abi seksyèl, oswa eksplwatasyon finansye yon moun."* Estanda sa pa egzijè ke te gen blesi fizik oswa emosyonèl ki grav.
- **Si dosye a reponn kritè sa yo**, Inite Envestigasyon DDS la ap fè pwòp investigasyon pa yo.
- Si akizasyon an pa reponn estanda pou investigasyon an, men ka toujou konsidere kòm move tretman konfòmman a 115 CMR 5.05, lè sa Inite Envestigasyon a ap refere dosye a bay Biwo Rejyonal la pou yon **Revizyon Administratif DDS**.
- Si akizasyon an pa reponn estanda pou yon investigasyon oswa yon revizyon administratif yo dwe refere dosye a dirèkteman bay Ekip Rezolisyon Plent lan pou revizyon ak idantifikasyon nenpòt sèvis reparasyon ki ta ka nesesè.

Aprè yo resevwa avètisman yon akizasyon; Ajans Founisè a **ka bezwen pran desizyon san pèdi tan** pou pwoteje sante ak byennèt swadizan viktim nan, pandan l'ap tann rezilta swa ankèt la oswa revizyon administratif la.

<https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleII/Chapter19C> Lyen entènèt sa ki voye nan chapit 19c Lwa Jeneral Massachusetts la, bay baz lejislatif la pou D.P.P.C. Seksyon 4b, ki fè konnen ke DPPC a ka refere dosye yo bay DDS la pou investigasyon.

Rezilta yon Envestigasyon oswa Revizyon Administratif:

- Y'ap voye **yon kopi Lèt Desizyon konsènan rezilta investigasyon an** bay Moun yo ak / oswa Gadyen yo a, ansanm avèk enstriksyon pou fè apèl kont rezilta yon ankèt, oswa pou mande rekonsiderasyon nan ka yon revizyon administratif.
- **Komite dwa moun ajans founisè a resevwa yon kopi Lèt Desizyon an tou.**

Kisa pou fè si ou te depoze yon plent nan DPPC a epi ou pa janm jwenn repons nan men yo oswa DDS la?

- **Rele yo.** Si yo te refere dosye a bay inite investigasyon DDS la oswa bay yon lòt inite, rele yo. Yon ankèt ka pran yon ti tan pou li konplete, e yo ka pa rele ou pou ba'w yon repons. Ou ka fè apèl la pou konnen estati ankèt la yon fason pou konnen enkyetid ou genyen yo ap avanse.

**Yo rele DPPC
800-426-9009**

DPPC detèmine si yon aksyon pwoteksyon nesèsè.

Polis Eta egzamine apèl la pou wè si te gen yon krim ki te fèt

Si se wi

Si se wi

DPPC travay avèk DDS ak lòt ankò pou asire sekirite imedyat moun nan

DPPC detèmine si dosye a tonbe nan jiridiksyon yo

Yo refere dosye a bay lapolis

Si se wi

Si se non

DPPC mennen ankèt

DPPC refere dosye a bay inite investigasyon DDS

Yo fè ankèt kriminèl anvan DPPC oswa DDS mennen ankèt

DPPC ka mande DDS pou mennen ankèt la anba regleman DPPC 19c a

Inite investigasyon DDS la detèmine si dosye a reponn kritè yo a pou investigasyon

Si se wi

Si se non

Dispozisyon dosye a rive, yo bay lèt desizyon an

DDS mennen ankèt anba regleman yo a

Yo refere dosye a pou revizyon administratif DDS

Moun nan, gadyen an, oswa komite dwa moun nan ka prezante yon apèl kont desizyon an

Yo jwenn rezilta yo, yo bay lèt desizyon an

Revizyon Administratif la fèt

Yo bay plan aksyon an. Moun nan oswa gadyen an, ak swadizan agresè a ka petèt prezante yon apèl kont rezilta oswa plan aksyon an.

Revizyon Administratif la konplete

Oswa

Yo refere dosye a tounen nan inite investigasyon

Ekip rezolisyon plent la revize pwoblèm nan.

Yo bay lèt rezolisyon an

Moun nan oswa gadyen an ka depoze yon demann pou rekonsiderasyon bay Direktè Rejyonal la

Lis Resous

Department of Developmental Services Office for Human Rights

Frances N. Nwajei, Direktè (617) 624-7782

Frances.Nwajei@state.ma.us

Sit Entènèt Department of Developmental Services

<http://www.mass.gov/eohhs/gov/departments/dds/>

Regleman ak politik DDS yo

<http://www.mass.gov/eohhs/gov/laws-regs/dds/>

Disabled Persons Protection Commission

<http://www.mass.gov/dppc/>

300 Granite Street Suite 404

Braintree, MA 02184

Telefòn: (617) 727-6465

Disability Law Center

<http://www.dlc-ma.org/>

11 Beacon Street, Suite 925

Boston, Massachusetts, 02108

Telefòn: (617) 723-8455 / (800) 723-8455

Fanmi Massachusetts yo òganize pou Chanjman

<http://www.mfofc.org/>

Massachusetts Families Organizing For Change

PO Box 61

Raynham, MA 02768

Telefòn: (508) 824-6946

The ARC of Massachusetts

<http://thearcofmass.org/>

PO Box 541603

Waltham, MA 02454

Telefòn: (781) 891-6270

Massachusetts Advocates Standing Strong

<http://ma-advocates.org/>

<https://www.facebook.com/Massachusetts-Advocates-Standing-Strong-231842356173/>

Lwa Jeneral Massachusetts chapit 19C- DPPC

<https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleII/Chapter19C>

Disability info.org

<https://www.disabilityinfo.org/>